Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 240 (25969)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 27 декабр — цыппурсы мæйы 27 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 СÆРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИ
Алцыдæр — уæлахизæн!

3 НÆ УДВАРНЫ ХÆЗНАТÆ
Уырызмæг — Нарты хистæр

4 ÆХСÆНАД
"Иры Стыр Ныхас"-ы сидт

Федералон программæйы фæлгæты

Фæлладуадзæн тæлмы рацарæзт

Горæт Беслæны кæронмæ æрхæццæ, инæлар Плийы-фырты уынджы цы фæлладуадзæн парк ис, уый рацарæзт. Уый тыххæй фехъусын кодта Беслæны бынæттон хиуынаффæйады администрацийы пресс-службæ.

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, подрядчик кæронбæттæн куыстыты рæстæг фæлладуадзæн тæлмы сæвæрдта аттракционтæ. Уымæй размæ та æххæстгонд æрцыдысты бындурон цалцæг æмæ фæлгонцады æппæт нысангонд куыстытæ дæр. Уыимæ, цалцæггæнджытæ базылдысты, парчы фæзуатыл цы цыртдзæвæнтæ ис, уыдонмæ дæр.

Ног цалцæггонд объект бабæрæг кодта Беслæны сæргъláæуæг **Татараты Вадим**. Уый æмæ иннæ специалисттæ аргъ скодтой фæлгæсæн цалх æмæ иннæ аттракционты цæттæдзинады къæпхæнæн.

Администрацийы минæвары ныхасмæ гæсгæ, фæлладуадзæн парк бындурон рацарæзты фæстæ кадджын уавæры ногæй байгом кæндзысты уалдзæджы.

Зæгъын хъæуы, фæлладуадзæн тæлмы цалцæг нысанмæарæзт федералон программæ "Чысыл горæттæ æмæ историон цæрæнбынæттæ"-йы фæлгæты æххæстгонд кæй æрцыд, уый дæр. Куыстытæ райдыдтой 2023 азы уалдзæджы.

КАЛМАНТЫ Аслан

Æхсызгон фембæлд

Паддзахадон хæрзиуджытæ — "Осетия-Ирыстон"-ы минæвæрттæн

РЦИ-Аланийы Сæргъláæуæг Сергей МЕНЯЙЛО паддзахадон хæрзиуджытæ радта национ телекомпани "Осетия-Ирыстон"-ы кусджытæн. Фембæлд уыд Хицауады хæдзары.

Æмбырды райдайæны республикæйы разамонæг телекомпанийы кусджытæн арфæ ракодта сæ бирæазон зæрдиаг куысты тыххæй.

— Зæрдиаг бузныг уын зæгъын уæ ахсджиаг куысты тыххæй! Ныртæккæйы зын уавæрты сымах хъахъхъæнут национ телеуынынады хуыздæр традицитæ. Æмæ уыцы куыст кæнут хъазуатонæй, — бафиппайдта Сергей Меняйло.

Æппæт арфæты фæстæ фембæлды архайджытыл сæмбæлдысты сæ хæрзиуджытæ. Афтæ, РЦИ-Аланийы Сæргъláæуæджы Указæй журналистикæйы къабазы сгуыхтдзинæдтæ æмæ бæрзонд профессион дæсныйады тыххæй кадджын ном "Цæгат Ирыстоны сгуыхт журналист" лæвæрд æрцыд **Хъулаты Юрийæн**, телекомпанийы хистæр редакторæн.

Бирæазон сыгъдæгзæрдæ куысты тыххæй РЦИ-Аланийы Кады грамотæтæ райстой: телекомпанийы информацион службæйы шеф-редактор **Æлбегаты Генриеттæ**, дирекцийы генералон продюсер **Баскаты Ольгæ**, административон-хæдзарадон службæйы сæйраг инженер **Бæтиаты Аслан**, телеоператор **Гæбуаты Артур**, техникон-куыстадон службæйы хицау **Гæджынаты Давид**, тематикон æмæ информацион равдыстыты службæты шеф-редактортæ **Гуыбаты Людмилæ**, **Джыккайты Аннæ** æмæ **Дзапарты Георги**, рауагъды пъланты службæйы хицау **Дзестелты Мария**, уацхæссæг **Къæбулты Иринæ**, телеоператортæ **Александр Левченко** æмæ **Суанты Алан**, коммерцион директор **Мæрзойты Оланæ**, сæйраг режиссер **Рæмонты Маринæ** æмæ 2021-2023 азты информацион равдыстыты службæйы хицау **Хъуысаты Ноннæ**.

Зындгонд куыд у, афтæмæй национ телекомпани "Осетия-Ирыстон" йæ куыст райдыдта 2017 азы 1 декабры. Æхсæвæй-бонæй цы телеканал кусы, уымæн йæ равдыстытæ лæвæрд цæуынц уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл.

СЛАНТЫ Аслан

Нысантæ

Национ проектты уагæвæрдтæ — бæлвырд æмгъуыдтæм

Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис йæ хæдивджытæн цы æмбырд сарæзта, уым бæстон ныхас рауад 2023 азы пълантæ кæронмæ ахæццæ кæныныл.

Æмбырды архайджытæ фыццаградон æргом аздæхтой, азы дæргъы цы ахсджиаг социалон объекттæ арæзт æмæ цалцæггонд цыд, уыдоны цæттæдзинады къæпхæнмæ. Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй азы дæргъы фыццаградон национ проекттæ æмæ нысанмæарæзт паддзахадон программæты уагæвæрдтæ афойнадыл æххæстгонд цыдысты.

— Æмæ азы кæронмæ æппæт нысангонд куыстытæ хъуамæ æххæстгонд æрцæуой. Æмткæй райсгæйæ, аз ахицæн кæндзыстæм хорз бæрæггæнæнтимæ. Уыимæ, ис цалдæр фарстайы, æвæстиат æргом аздахын кæмæ хъæуы, ахæмтæ. Уый фæстæ бæрнонæй бавналын, фидæн азæн цы пълантæ сфидар кодтам, уыдонмæ, — бацамыдта Хицауады Сæрдар.

Дзанайы-фырт æппæт республикон министрадтæ æмæ ведомствæтæн дæр бахæс кодта, цæмæй 2023 азы куысты бæрæггæнæнтæ хæстæгдæр рæстæг бахынцой æмæ сæ рахæссой Хицауады иумæйаг æмбырдмæ.

РЦИ-Аланийы Сæргъláæуæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Парламентæй

Сфидар кодтой ахсджиаг закъонтæ

Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты ссæдзæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.

Æмбырды архайдтой республикæйы Хицауады уæнгтæ, барадхъахъхъæнæг æмæ тæрхонадон оргæнты минæвæрттæ, Цæгат Ирыстоны сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, бынæттон хиуынаффæйады администрациты разамонджытæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.

Депутаттæ æркастысты, республикæйы Сæргъláæуæг фыццаг бакасты сæм æркæсынмæ кæй бацæттæ кодта, конституцион æмæ республикон уыцы закъонты проекттæм, сæ иу — "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы фæзуатыл юридикон æххуыс лæвар æххæст кæныны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Уый фæдыл ныхас кодта фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ**. Куыд загъта, афтæмæй, закъон фидаргонд куы æрцæуа, уæд лæвар юридикон æххуыс уыдзæн сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн. Лæвар юридикон æххуыс æххæст кæныны хæс æвæрд æрцæудзæн нотариустыл дæр, æмæ бахъуаджы рæстæг амынд адæймæгты къордæн хъахъхъæндзысты сæ

бартæ тæрхондæтты æмæ æндæр оргæнты æмæ кусæндæтты.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн æххуысы мадзæлттыл ныхас цæуы, республикæйы Сæргъláæуæг кæй бацæттæ кодта, иннæ ахæм гæххæтты дæр. Уый фæдыл дæр ныхас кодта Айдарты Алинæ. "Граждæнты хицæн къордтæн сæ цæрæн хæдзæрттæм газ уадзыны фарстайы уæлæмхасæн æххуысы мадзæлтты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты куыд амынд цæуы, афтæмæй сæйраг æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн сæ цæрæн хæдзæрттæм газ бауадзыны куыстытæ сты лæвар. Ныридæгæн уал ацы æххуыс аххæссыд 68 адæймагыл, уый тыххæй республикон бюджетæй дихгонд æрцыд 5,5 милуан сомы. Хæстæгдæр рæстæг ма газ лæвар бауадздзысты амынд къордмæ хауæг 20 адæймагæн сæ хæдзæрттæм.

Закъонты проекттæн социалон æгъдауæй сæ ахадындзинад æмбаргæйæ, депутаттæ сфидар кодтой дыууæ закъоны фыццаг, дыккаг æмæ кæройнаг бакасты.

"2024 азмæ æмæ 2025-2026 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проектмæ дыккаг бакасты йæм æркæсыны тыххæй ныхас кодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег**. Куыд загъта, афтæмæй, бюджетмæ каст æрцыд фыццаг бакасты, ныхас ыл цыд алы комитеты дæр, фарстатæ уыд бирæ, фæлæ, æппынфæстаг, йæ социалон ахадындзинад æмæ национ проекттæ æххæст кæныны стратегион нысантæ бюджет бахъахъхъæдта.

(Кæрон 2 фарсыл)

Бынæттон хиуынаффæйад

Хæрзаудæн акци — сывæллæттæн

Дзæуджыхъæуы ацы бонты цæуы Ног азы агъоммæ хæрзаудæн акци "Мэры назбæлас". Уый тыххæй йæ телеграм-каналы фыссы Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргъláæуæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеслав.

Хæрзаудæн акцийы мадзæлттæ цæуынц Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театр æмæ æвзонг аивадуарзджыты театр "Саби"-йы. Акцийы сæрæвæрæн æмбырды Милдзыхты Вячеслав архайдта йæхæдæг. Уый рæзгæ фæлтæры минæвæрттæ æмæ сæ ныййарджытæн Ног азы арфæтæ ракодта.

Кæй зæгъын æй хъæуы, театралон спектаклы фæстæ акцийы архайæг алы сывæллонæн дæр ракæнынц лæвар.

Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, ногазон равдыстытæм фæхондзысты цыбыркъух æмæ бирæсывæллонджын бинонты кæстæрты. Уыдонæй уæлдай, хæрзаудæн акцийы уазджытæ суыдзысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг службæгæнджыты сывæллæттæ æмæ райдайæн кълæсты ахуырады раззагдæртæ.

Нæ уацхæссæг

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2024 азы фыццаг æмбисæн

2024 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта ацы азы 1 сентябры, Уæрæсейы посты бастдзинады регионалон управлени газет рафыссыны æмгъуыд адарддæр кодта 2024 азы 13 январмæ. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. 2024 азы фыццаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1 319 сомы æмæ 10 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1 077 сомы æмæ 30 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!

РЕДАКЦИ

Дзырды фарн

Кæд куырой доныл арæзт у,
уæд цард та уарзондзинадыл
арæзт у.

ТУАТЫ Даулыт

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **27 декабры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **10-15 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **13-15 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,02 **Хурыскаст** — 07,28 **Хурныгуылд** — 16,30

Валютæйы аргъ **Доллар** — 91,07 ↓ **Евро** — 101,11 ↑

12+

Сæрмагонд æфсæддон операци

Сергей МЕНЯЙЛО:

Стыр бузныг нæ хæстонтæн æххуысы тыххæй!

Æрæджы РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг æнæнхъæлæджы бабæрæг кодта, бархийæ хæстонтæн чи æххуыс кæны, уыдоны æрмадз.

"Базонгæ дæн волонтерты змæлд "Бахъарм кæн салдаты"-имæ — диссаджы сылгоймæгтæ! Æнкъараг, искæй рис зæрдæмæ исаг, бæрнон.

Куыддæр сын уæгъд рæстæг фæвæййы, афтæ атагъд кæнынц æрмадзмæ. Аразынц æмæ фронтмæ æрвитынц маскировкæйæн хызтæ, подсумкæтæ, цæфтæ хæссынæн сынтытæ, хуыссæнгæрзтæ госпитæлтæн, мыдадзын цырæгътæ, бынæттон цæрджытæн хъæугæ дзаумæттæ...

Ахуыргæнджытæ æмæ дохтыртæ, дуканигæстæ æмæ офисты кусджытæ, скъоладзаутæ æмæ студенттæ, хæдзары 'фсинтæ æмæ пенсиисджытæ — алчидæр ам йæхицæн бæрнон куыст ары. Уый сын ног фæлтæрддзинад у, фæлæ сæ иумæйаг хъуыддаг — зæрдиагæй нæ хæстонтæн, кæмæн куыд йæ бон у, афтæ фехъуыс кæнын — кæрæдзи фарсмæ æнгом æрбалæууын кодта.

Зæрдиаг ныхас акодтон активон сылгоймæгтимæ. Сæ куысты цæлхдурты тыххæй дæр мын радзырдтой. Фыццаджыдæр сæ хъæуы информацион æхсæнадон фæндараст кæнынæй сты, уый, æмæ сæ фарсмæ æрбалæууой. Цæй æмæ сын иумæ фехъуыс кæнæм! Цы нæ бон у, уый саразæм!

Змæлды куыстуарзон, фæлмæнзæрдæ сылгоймæгтæн та нæ сæрæй ныллæг кувæм! Стыр бузныг, нæ хæстонтæн кæй æххуыс кæнынц, уый тыхтæй! Фыццаджыдæр сæ хъæуы информацион æхсæнадон фæндараст кæнынæй сты, уый, æмæ сæ фарсмæ æрбалæууой. Цæй æмæ сын иумæ фехъуыс кæнæм! Цы нæ бон у, уый саразæм!

Змæлды куыстуарзон, фæлмæнзæрдæ сылгоймæгтæн та нæ сæрæй ныллæг кувæм! Стыр бузныг, нæ хæстонтæн кæй æххуыс кæнынц, уый тыхтæй!" — ахæм арфæтæ ракодта регионы разамонæг æрмадзы архайæг волонтертæн йæ фембæлды кæронбæттæны.

ГАПБАТЫ Алетæ

Комплексон мадзал

Санитарон авиарейстæ

Уæрæсейы хъахъхъæнынады министры фыццаг хæдивæг Цæлыккаты Русланы ныхасмæ гæсгæ, уæззау фæцæфуæвæг æфсæддон службæгæнджыты аирвæзын кæнынæн ацы аз бæстæйы авиаци сæхæст кодта 1100 санитарон авиарейсæй фылдæр.

— Санитарон авиарейстæ кæй æххæст кæнæм, уый фæрцы рынчындæтты амæлæг æфсæддон службæгæнджыты нымæц фæкъаддæр. Амæлынæй тæссаг кæмæн у, ахæм æфсæддон службæгæнджыты рагацау раргом кæнынмæ арæзт комплексон мадзæлттæ æххæст кæнæм, æмæ афтæмæй æфсæддон службæгæнджыты æнæниздзинады уавæр нывыл кæны, — загъта Цæлыччы-фырт.

("15 регион")

Видеоконференци

Стратегион хъæппæристæ: азы хатдзæгтæ æмæ фидæны нысантæ

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видеоконференцийы бастдзинады фæрцы архайдта Стратегион хъæппæристы федералон агентады уæрæх æмбырды. Агентады генералон директор Светланæ ЧУПШЕВАЙЫ разамындæй фембæлды архайджытæ æрдзырдтой 2023 азы куысты рагагъоммæ бæрæггæнæнтыл, стæй фæбæрæг кодтой 2024 азы архайды сæйрагдæр нысантæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Стратегион хъæппæристы агентад æмæ Цæгат Ирыстон кусынц ахсджиаг иумæйаг проекттыл. Уыдон сахаддзысты республикæйы промышленност, ахуырад æмæ иннæ къабæзтыл. Уыдоны нымæцы — проектон-ахуырадон интенсив "Архипелаг" дæр. Ацы æмæ иннæ проекттæ царды рауадзыны æмгъуыдтæ фæбæлвырддæр кодтой æмбырды архайджытæ.

Дзанайты Барис йæ дзуаппон раныхасы куыд бафиппайдта, афтæмæй Цæгат Ирыстон зæрдиагæй архайы агентады программæтæ æмæ проектты.

— Республикæйы Сæргъæлæууæг Сергей Меняйло Хицауады уæнгты размæ сæвæрдта бæлвырд хæс — Стратегион хъæппæристы агентадимæ æмархайд æнгомдæр кæнын. Уымæн ахъаз у, республикæ æмæ агентад æмгуыстады фарстаты фæдыл ацы аз цы сæрмагонд бадзырд бафыстой, уый дæр. Зæрдыл дарын хъæуы, амынд агентады проекттæ æмæ программæтæ Уæрæсейы граждæнты царды фæрныгад хъомысджындæр кæнынмæ здæхт кæй сты, уый, — загъта Хицауады Сæрдар.

Видеоконференцийы фæстæ Дзанайты Барис бæлвырд амынддзинæдтæ радта профилон республикон ведомствæты разамонджытæн Стратегион хъæппæристы агентадимæ æмархайд хъомысджындæр кæныны нысанимæ.

РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Алцыдæр — Уæлахизæн!

Не 'мзæххон læппутæ кæм хæцынц, "Шторм. Осетия", зæгъгæ, уыцы батальонæн бахъуыс кæныны нысанимæ та Запорожьейы облæсты 'рдæм ногæй араст гуманитарон æхъуыс.

"Алцыдæр — Уæлахизæн!" — Адæмон фронты ацы проекты фæлгæты радон гуманитарон акци сараздæтæ сты Цæгат Ирыстоны Парламенты депутаттæ, æмæ сын нæ хæстон læппутæн уыцы æхъуыс фыццаг нæу. Гуманитарон æхъуыс афæндараст кодтой нæ республикæйы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз** æмæ депутат **Цæгæраты Руслан.**

Ирыстойнаг læппутæ кæм хæцынц, уырдæм иудадзыгдæр республикæйæ æрвыст цæуынц хойраджы продукттæ, хъарм уæлæдарæс, æрвылбоны царды чи хъæуы, ахæм дзаума, сæрмагонд техникæ æмæ æппæты сæйрагдæр — хæдзарæй æрвитæггæгтæ æмæ скъоладзауты фыстæджытæ. Цæгæраты Руслан куыд загъта, афтæмæй ацы гуманитарон æхъуысæй бон раздæр дæр ма Запорожьемæ араст уæзласæн машинæ гуманитарон æхъуысы 20 тоннæимæ. Йемæ ацыд депутат **Андрей Попов**.

Закъонæвæрынадон, æхъæстгæнæг æмæ муниципалон хицаудзинады минæвæртæн, нæ республикæйы æппæт æхсæнадон организацитæн, бæрнондзинад чи æнкъары, уыцы амалхъомтæн, Ирыстоны цæрджытæн сæ тыхтæ баиу кодта Адæмон фронты проект "Алцыдæр — Уæлахизæн!", афтæмæй, алы зæрдæйы дæр æвзæрын кæны патриотизм æмæ иудзинады æнкъарæнтæ. Уый бафиппайдта Тускъаты Таймураз дæр, гуманитарон æхъуыс фæндараст кæнгæйæ:

— Нæ тых ис алы адæймагæн æмæ алы динты минæвæртты иудзинады. Истори куыд равдыста, афтæмæй, уæззау рæстæг куы акæны, уæд нæ бон у кæрæдзи фарсмæ балæууын, иумæйагæй цавæрфæнды зынтæн дæр ныффæразын æмæ знагæн аккаг ныхкъуырд радтын. "Ацыдæр — Уæлахизæн!" — ацы ныхас нын баззад, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæззау азты нæ бæстæ цыфыддæр знагæй чи бахъахъхъæдта, нæ уыцы хистæртæй. Æмæ абон махæн дæр нæ размæ læууы ахæм хæс — Уæрæсейы паддзахадон хæдбардзинад, йæ адæмы миддуне æмæ традицитæ, нæ цытджын истори, нæ ахсджиаг бындуртæ бахъахъхъæнын, уымæн æмæ, уыдоныл æнцой кæнгæйæ, сæдæгай азты дæргъы Уæрæсе рæзыд æмæ цыд размæ. Æмæ уыцы иудзинад æвдисынц абон нæ бæстæйы æппæт регионтæ дæр.

Тускъаты Таймураз арфæ ракодта, Адæмон фронты амынд проекты фæлгæты нæ хæстонтæн æмæ Уæрæсейы ног регионты цæрджытæн бахъуыс кæныны хъуыддаджы чидæриддæр архайы, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.

Афтæмæй, адæмы ласынæн, стæй уæзæгтæласæн нырыккондæр ахæм фæсарæйнаг цыппар машинæйы араст сты, сæрмагонд æфсæддон операци кæм цæуы, уыцы 'рдæм. Хæстæгдæр рæстæг дæсæй фылдæр ахæм машинæйы ноджыдæр ма арвитдзысты не 'фсæддон læппутæн бахъуыс кæныны тыхтæй.

ÆГАЙТЫ Зæлинæ

Сфидар кодтой ахсджиаг закъонтæ

(Райдайæн 1 фарсыл)

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта республикæйы финансты министры хæстæ рæстæгмæ æхъæстгæнæг **Исахъты Олег**. Йæ раныхасмæ гæсгæ, федералон бюджетæй республикон бюджетмæ уæлæмхасæн фæрæзтæ æрвыст кæй æрцыд, уымæ гæсгæ йæ сæйраг бæрæггæнæнтæ ивд цæуынц. "2024 азы бюджеты æфтиæгтæ фылдæр кæнынц 8, 948 милуан сомæй, 2024 азы бюджеты æфтиæгтæ фылдæр кæнынц 4,422 милуан сомæй, 2026 азы бюджеты æфтиæгтæ фылдæр кæнынц 3,328 милуан сомæй. Афтæ, ивд цæуынц хæрдзтæ дæр: 2024 азы бюджеты хæрдзтæ фылдæр кæнынц 9,048 милуан сомæй, 2025 азы бюджеты хæрдзтæ фылдæр кæнынц 4,427 милуан сомæй æмæ 2026 азы бюджеты хæрдзтæ фылдæр кæнынц 3,328 милуан сомæй. Хæрдзтæ фылдæр кæндзысты, ног азæй фæстæмæ фæцæрыны æппынкъаддæры бæрц (МРОТ) кæй сырæздзæн æмæ уымæ гæсгæ бюджетон кусджыты мызды бæрц фылдæр кæй фæуыдзæн, инвестицион проекттæ республикæйы дарддæр дæр æхъæстгонд кæй цæудзысты, ахуырады æмæ царды иннæ къабæзты социалон инфраструктурæ кæй рæздзæн, æппæт уыдæттæм гæсгæ", — загъта министр. Афтæ, ивд цæуынц, 2025-2026 азты бюджетты бæрæггæнæнтæ дæр.

Фарстайы фæдыл фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд депутаттæ **Цæгæраты Руслан, Дыдарты Сослан, Фадзайты Арсен, Тедеты Дзамболат, Реуазты Ларисæ, Уыртаты Азæмæт** æмæ **Хъесаты Ирыстонмæ**. Сæ фарстытæн сын дзуаппытæ læвæрдтой Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Реутов**, Айларты Алинæ, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн**. Афтæмæй, дыккаг бакасты закъон фидаргонд æрцыд.

Депутаттæ ма байхъуыстой, 2023 азы фараст маймæ республикон бюджет æхъæстгонд куыд æрцыд, уый фæдыл Исахъты Оледжы раныхасмæ æмæ фыццаг бакасты сфидар кодтой "2023 азмæ æмæ 2024-2025 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Дыууæ фарстайы фæдыл дæр æмдокладтæ скодта Хæдарцаты Аслæнбег.

Фыццаг бакасты ма депутаттæ æркастысты æмæ сфидар кодтой, республикæйы Хицауад кæй бацæттæ кодта, ахæм закъонты проекттæ. Уыдон баст уыдысты, медицинон кусæнддæттæм æнæниздзинадæн пайда æмæ хæрзхъæд хойраг ласыны хъуыддаг нывылдæр кæнынимæ, Цæгат Ирыстоны экологи æмæ, сæрмагонд хъахъхъæд чи цæуы, нæ республикæйы æрдзон ахæм зæххытæ бахъахъхъæнынимæ, наукæ æмæ наукон политикæйы размæцыдæн уавæртæ аразын æмæ æндæр фарстатимæ. Уыдоны фæдыл ныхас кодтой æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**, ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, экологи æмæ æрдзон фæрæзты министр **Бæззаты Вадим.**

Депутаттæ ма сфидар кодтой 2024 азмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты Закъонæвæрынадон архайды пълан.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Кировы районæй

Ног бæстыхай

Елхоты кадджын уагæй байгом кодтой æнæведомствон хъахъхъæнынады районы хайады ног административон бæстыхай.

Кадджын æмбырды архайдтой Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг Управленийы хицау, пъæлицæйы инæлар-майор **Валерий Голота**, амынд æфсæдты æнæведомствон хъахъхъæнынады регионалон Управленийы хицау, пъæлицæйы булкъон **Белеккаты Аслан**, районы администрацийы сæргъæлæууæг **Батиаты Хъазыбег** æмæ ведомствæйы службæгæнджытæ.

— Æнæведомствон хъахъхъæнынады дæлхайæдтæн кæй бахæс кæнынц, ног бæстыхайы кусæнуæттæ уыцы хæслæвæрдтæ рæвдз æмæ хæрзхъæдæй æхъæст кæныната. Валерий Голота символикон дæгъæл радта хайады хицау, пъæлицæйы булкъон **Эдуард Павловæн**, районы администрацийы сæргъæлæууæгимæ алыг кодта сырх лент æмæ фæстæдæр уазджытимæ иумæ æрзылд бæстыхайы кусæнуæттыл.

УФ-йы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы РЦИ-Аланийы Управленийы пресс-службæ

Уый та уын 13-æм ...

Нæ мызд, нæ пенси — бæрæг

Æхсæнады хъуысынц 13-æм пенси, 13-æм мызд ацы азы кæрон бафидыны тыххæй ныхæстæ. Адæм æддæг-мидæг ауадысты, хъуыдыты аныгъуылдысты, цымæ уæлæфтуан пенси ратдзысты, æви нæ. Нæ бæстæ мæгуыр нæу, фæлæ сæ цымæ рантысдзæн, рабар-бабар кæнынц. Уæдмæ Паддзахадон Думæйы депутаттæ æргомæй загътой сæ хатдзæгтæ.

Ома, уыйас сыл кæм æвуæндæм, фæлæ уæддæр адæймаг ныфсытæй цæры, цынæ вæйы, уæд та ма... Нæ Думæйы депутаттæ куыд загътой, афтæмæй сæ бон пенси банымайын нæ бауыдзæн, уый, дам, тынг зын у. Ахæм уæззау хæсмæ, дам, нæ сарæхсдзыстæм. Мах æй афтæ дæр зыдтам, ницæмæ сарæхсдзыстут, æхца уæ нæ рантысдзæн, уый.

Паддзахадон Думæйы депутаттæ цыдæр æнарæхст сты, ау, пенсиисджыты хыгъдтæ афтæ зын банымайæн сты, уæлæмхасæн пенсийы бæрц сбæрæг кæн æмæ йæ адæммæ арвит. Фæлæ адæм сæхæдæг дæр нæ сарæхсдзысты уыцы уæлæфтуан пенсимæ, мыйыаг дзы сæхицæн диссаджы еугæф куы нылхæной, дзаумайы зынаргъдæртæ куы равзарой, фæсарæнтæм куы атындзой, сæхицæн ног хæдзæрттæ, фатертæ куы балхæной... Пенсиисджытæ сæхи куыд равдисдзысты, депутаттæ ууыл бæстон ахъуыды кодтой æмæ загътой, уымæн уæвæн нæй.

Уæрæсейаг пенсиисæг фæдзæгъæл уыдзæн, рог царды уагыл фæцалх уыдзæн, цавæр 13-æм пенси сæ бахъуыд. Кæд 10 мины исынц, уæд исæнт. Сæ зæрдæтæ нæ ахсайдзысты диссаджы хæринæгтæм, зынаргъ дзаумамæ, æндæр бæстæтæм, æнцон цардмæ. Цымæ Паддзахадон Думæйы депутаттæ адæмы ахæм æгад бынаты цæмæн дарынц, цæуылнæ ахъуыды кæнынц, цæргæбонты фыдæбон чи фæкодта, æмæ фæлурс пенсийыл кæй сбадын кодтой, уыдоныл.

Нæ олигархтæ ахæм чызидентæй æхъуыс дæр исынц, ома, куыд сыл схъæр кæнон, уæд, дам, фæсарæнтæм алидздзысты. Афæндараст ма уæнт! Сæ цот, сæ бинонтæ æнæуый дæр фæсарæнты сты, куыддæр исты, афтæ фæраст уыдзысты.

Нæ ныллæг пенситæ, нæ ницæйаг мыздтæ уайтагъд фæвæййынц, адæм Уæрæсейы разамонæджы комкоммæ эфирмæ æнхъæлмæ кастысты, кæд, мыйаг, мызды, пенсийы бæрцыл бафтид, фæлæ дзы ахæм ныхас нæ райхъуыст. Чи зоны, кæддæр сæ махмæ дæр равдæлдзæн, уæдмæ та æнхъæлмæ кæсдзыстæм, цыдæр амæлттæ кæндзыстæм. Иу ранæй ратондзыстæм, иннæ ранмæ йæ бафтаудзыстæм, афтæ ратон-батон кæндзыстæм. Фæлæ, уæддæр цæмæ бавналæм, уый нæм нæ уыдзæн.

Иу регионы цард иннæ регионы цардимæ абарæн нæй. Кæмдæр куыст куыд цыд, афтæ цæуы, экономикæ змæлы. Кусджытæ исынц дзæбæх мызд. Сæ бон у сæхи фæдарын æдыхстæй, хæрдзтæ кæнын æмæ ма сæм иннæ мыздмæ дæр баззайдзæн. Махмæ та æппынæдзух фæлварæнтæ цæуынц, кæд рауайа, уæд рауайдзæн, куы нæ бантыса, уæддæр ницы кæны. Ирон адæймаг æппынæдзух æгъдауыл хæст у, хъæуы йæ цинмæ, зианмæ цæуын. Хъуамæ йæ дзыппæй цы сиса, цы сæвæра зианы, цины?

Мах мыздтæ афтæ ныллæг уымæн сты, æмæ нæм экономикæ нæй. Цыдæр æнæбары змæлд кæнæм, размæ цæуыны бæсты, промышленнон куыстуæттæ мидцоппай кæнынц. Ахæм раззагдæр бæрæггæнæнтæ кæцæй райсынц хицауад, уайтагъд сæ махæн радзурынц. Нæ мызд, нæ пенси — бæрæг...

БУТАТЫ Эльзæ

Барад

Ноздтджын скъæрæджы аххосæй

Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ Дыгуры районы цæрæг 60-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.

Ацы нæлгоймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 264-æм статьяйы 4-æм хайы пункт "а"-йы ("Ноздтджын адæймаг кæй скъæрдта, уыцы хæдтулгæ фæндагыл цæуыны фæтк кæй фехæлдта, уый аххосæй адæймаг фæмард") амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй зылын кæнынц, уыцы нæлгоймаг ацы азы 10 октябры 18 сахаты æмæ 30 минутыл кæй скъæрдта, техникон хъæндзинæдтимæ уыцы хæдтулгæ "Шевроле Лачетти" Дзæуджыхъæуæй Дигорайы 'рдæм фæндагыл æгæр тагъд фæцæйцыд. Фæндагыл разæй цæуæг хæдтулгæ "Тойота Камри" фæстейы фæуадзыны фæнд скæнгæйæ, "Шевроле Лачетти" фæндаджы ныхмæцæуæг хаймæ рацыд æмæ ам амынд хæдтулгæтæ, стæй сæ ныхмæ æрбацæйцæуæг хæдтулгæ "Фольксваген CADDY" кæрæдзи сцавтой.

Фæндагон-транспортон фыдбылызы аххосæй фæстагмæ амынд хæдтулгæйы 29-аздзыд скъæрæг-læппу дзыхъмард фæци.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Æрыдоны районы тæрхондонмæ биноныг ыл æрныхас кæнынмæ.

Юлия КОЛЛЕГОВА

Нæ удварны хæзнатæ

Уырызмæг — Нарты хистæр

Уырызмæг — Нарты хистæр Уæрхæджы фаззон фырт Æхсæртæг æмæ Донбеттыры чызг Дзерассæ-рæсугъды (Сасанайы) фырт, Нарты номдзыд хистæр, болатрихи Хæмыцы фаззон.

Кадджыты Дзерассæ Æхсар æмæ Æхсæртæджы мæрдтæ Уастырджийæн куы баныгæнын кæны, уæд дзы йæхи бафæсвæд кодта денджызы бын йæ цæгат Донбеттыртæм.

Дзерассæ цард йæ цæгаты, æмæ йæхи бар нæ уыд, æмæ йын йæ мад загъта: "Ацу Нарты уæзæгмæ — уыдоны стæджы хъæд афтæ у, æмæ, сæ уæзæгыл чи нæ райгуыры, уый сæхицæй нæ хонынц".

Дзерассæ, йæ мад ын куыд загъта, афтæ бакодта. Нарты хистæртæ йе 'рбацыды хабарыл бацин кодтой æмæ устытæн загътой: "Æхсæртæджы мæсыгæн æй йæ бинагмæ нæ, фæлæ йæ скæнут йæ сæйрагмæ". "Уырдæм схизинаг нæма дæн, — зæгъы устытæн Дзерассæ, — тагъд уын фенын кæндзынæн уæхион, æмæ мын нырма æрæнцайнæн уæ бæрзонд мæсыгæй уæ талынг скъæт хуыздæр у". Æмæ йæ акодтой скъæтмæ, уым ын дыууæ фаззон læппуйы райгуырд — Уырызмæг æмæ Хæмыц.

Уыдон бон уылынг рæзтысты, æхсæв та — уыдисн.

Бахъомыл сты Уырызмæг æмæ Хæмыц Нарты фарнæн, кад æмæ намысы хъуыддæгтæн. Уыдон бæрзонд систой Æхсæртæггаты мыггаджы кад, Уырызмæг та ссис æппæт Нарты адæмы хистæр æмæ зондамонæг, зын сахаты сæ æнцой, æмæ суанг сæ ирвæзынгæнæг дæр (кадджыты "Уырызмæджы æнæном læппу","Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыг", "Уырызмæджы фæстаг фосы конд").

Мæнæ куыд аргъ кæны Нигер Уырызмæгæн: "Нарты цытджын хистæр, зондджын, хиуылхæцгæ, Нарты 'хсæн фæлмæн, фæлмаст læг. Ничи дзы фехъусдзæн зыст ныхас, тызмæг дзырд, сонт дзырд: бирæ чи фæхатт, æнæсгæрст къуым кæмæн нал баззад, уыцы заманы дунейы, ахæм фенæг læг; йæ зонд Нарты адæмæн хæлæг чи нæ кæны, Нарт Нарт уой, дæлдæр макæмæй уой тыхæй дæр æмæ æгъдауæй дæр, кадæй дæр æмæ радæй дæр, зæгъгæ, ууыл læуд чи у; Нарты адæм кæмæ хъусынц — нæлгоймагæй, сылгоймагæй, стырæй, чысылæй, кад кæмæн кæнынц, æгъдау кæмæн дæттынц, ахæм зæронд læг; хъуыддагыл læмбынæг чи ахъуыды кæны, сайд кæуыл нæ цæуы, Нартмæ худинаг чи нæуадзы йæ зонды фæрцы, йæ ном дардыл хъуыст кæмæн у, уыцы Уырызмæг; йæ кæрдзынæттоны тыххæй æрдхæрæнæн чи баззад, Нарты кæрæдзимæ æнгом кæныны хъуыддаг йæ зонд æмæ йæ туджы арф бынат кæмæн ахсы, бинонты рæвдауæг, бинонтæм фæлмæн ныхасгæнæг чи у, уыцы Уырызмæг; Нарты знæгты ныхмæ фидарæй чи хæцы, Нарты адæмы разæй йæхи уды кой, йæхи бинонты кой чи нæ кæны, уыцы Уырызмæг. Уырызмæджы фæлгонц афтæ хорз æвдыст цæуы кадджыты, æмæ Уырызмæг, зæгъгæ, куы фехъусы, Нарты кадджытæ хорз чи зоны, уый, уæд йæ цæстыты раз æрбалæууы урсзачъе бæрзонд, уæнгджын, зондджын, хæрзæхсæст номдзыд зæронд læг, йæ тинты кæрц йæ уæхсчытыл, йæ цирхъ йæ фарсыл, йæ пылыстæг læдзæг йæ къухы, афтæмæй, Нарты цытджын Ныхасы Нарты адæмæн зæлдаг уадзæгау фæлмæн хъæлæсæй арф, зонды ныхас чи кæны, ахæм зæронд læг; йæ барæвзæрст — Нарты Сатанаимæ йе 'ргъæу уæтты чи бады, дзаг фынг йæ разы, афтæмæй, æмæ Нарты адæмы царды уаг раст æвæрд уа, зæгъгæ, уыцы ныхас чи кæны".

Нарты кадджыты ис сæрмагонд цикл "Уырызмæг æмæ Сатана". Сатана у Уырызмæгæн йæ хо дæр æмæ йæ цардæмбал дæр. Йæ мард мад Дзерассæйæ гуырд æмæ йæхи схъомылгонд хо. Сæ фыдтæ та сты Æхсæртæг æмæ Уастырджи. Уырызмæджы иунæг аипп у, йæ мадæй хо Сатанаимæ кæй цæры, уый, æмæ уыцы аиппы аххос дæр хауы Уырызмæгмæ нæ, фæлæ Сатанамæ. Уый йæ фæрæдийын кодта. Уымæ хæццæ кæны йæ фыд Уастырджийы комытæф, æмæ йæ цы бафæнды, уый ныхмæ фæлæууын Уырызмæджы бон нæу.

Йæ рæстдзинад равдисыны тыххæй йæ хæрæгыл зыгъуыммæ дæр ма сбадын кæны æмæ йæ афтæмæй Нарты Ныхасы рæзты æртæ хатты æрцæуын кæны.

Фæлæ сæ цæдис Нартæн рауад арфæйаг, æмæ сын уыцы æгады хъуыддаг сæ цæстмæ никуы ничи бадары, мæрдырох ыл бафтыд. Уыдоны, сæ дыууæйы фæрцы фæзынд нæртон æлутон бæгæны (кадæг "Бæгæны куыд фæзынд").

Уырызмæджы цард у æцæг ирон хистæр læджы цардау. Куы бахъæуы, уæд æй хъуырыцъарæй, бон цырагъы рухсмæ агурынц, куы нæ сæ фæхъæуы, уæд та йемæ сусæг быцæу кæнынц. Суанг ын йæ фаззон æфсымæр Хæмыц дæр йæ хистæрдзинад нæ бары, æмæ йæ бафидар кæнын бахъæуы кадæг "Уырызмæджы мæсыджы". Уым дæр фæуæлахиз вæййы Уастырджийы фæрцы. Уый йын бацамыдта, зæгъгæ, дæ мады 'рвадæлтæ, Донбеттыртæй æххуыс ракур: "Авд хатты мæм авд фæлтæры авд авды адæм æрхуы мæсыг амайынмæ куыд фæзынат Нартмæ". Уыдон ын йæ куырдиат сæххæст кодтой уалæй уал бонмæ.

Ахуыргонд Абайты Никъала куыд зæгъы, афтæмæй Египеты пирамидæтæ цалæй арæзтой, уалæй. Стæй уыдоныл дæр раджы кæддæр æрхуы цъар уыд, æмæ, дам, сæ арæзтой, цас бæрзæндæн сæиу самадтой, уый бæрц сын сæ алыварс змис калгæйæ. Арæзт-иу куы фесты, уæд-иу уыцы змис фæйнæрдæм ахафтой, æмæ-иу пирамидæ æппæтæй дæр разынд.

Нарты кадджыты дæр Уырызмæг тыхсы, йæ мæсыг уæлæмæ цæуылнæ зыны, ууыл. Уымæн æмæ дзы Донбеттыртæ æхсæв цы самайынц, уый бæрц æй Уастырджи зæххы бынмæ ауадзы. Амад æй куы фесты, уæд æй Уастырджи раргом кæны. Нарты Уырызмæгæн læппу нæ цард, Хуыцау ын-иу æй радта, фæлæ-иу æй Сырдоны фыдæлгъыстæй йæхи къухтæй æнæбарæй мæрдтæм барвыста. Уый зыдта Сатана, æмæ-иу ын læппу куы райгуырд, уæд æй æмбæхсыныл архайдта, фæлæ та-иу æм кæдæмфæнды дæр йæ къух кæлæнгондау бахæццæ.

Кадæг "Уырызмæджы æнæном læппу"-йы та йæ йæ фырты марынмæ Донбеттыртæм ахæссы сау тъыфыл цæргæс. Ныттар кодта Уырызмæг йæхи йæ фырты мæлæты фæстæ, йæ рис нæ фæразы æмæ ныхъуыссы Нарты Фыдрохгæнæн дурыл.

Сатана зоны йæ læджы Хуыцауы цæф, æмæ йын кадæг "Сатанайы læппу"-йы фырт куы райгуыры, уæд та уымæн Уырызмæджы сусæгæй скæнын кодта чырынгонд, чырынгонд бæлæгъы сæвæрдтой æмæ йæ уыцы хуызæнæй фурды басхуыстой. Æндæр хатт та, Уырызмæг æмæ Сатанайæн læппу куы райгуырд, уæд æй хъомыл кæнынмæ радтой уæларвон Сафамæ. Læппуйыл ном сæвæрдтой Айсана. Уырызмæг æмæ Сатанайæн ис чызджытæ, се сиахс у Сæууай.

Уырызмæджы чызджытæй иу хуыйны Адухæ. Йæ фыццаг ус уыд Алæгаты-рæсугъд Елда, йæ æртыккаг ус та хъуамæ суыдаид Борæты чызг, фæлæ сын Сатанайы зондæй Уырызмæгимæ иумæ бацæрыны хъомыс нæ уыд. Уырызмæгæн иу ардхорд уыдис, исчи йæм-иу куы бадзырдтаид, хæтæны цом, зæгъгæ, уæд уымæн "нæ" нæ дзырдта. Стæй сылгоймаг хонæгæн дæр "нæ" зæгъын йæ сæрмæ нæ хаста.

Уырызмæгæн ис диссаджы бæх Æрфæн, зæххон бæхты фыдæл, зонынджын æмæ адæймагимæ дзурын чи зоны, ахæм, Хъулон дæр ма йæ хоны, тохы æмæ стæры у йæ ныфс, йе 'нцой, йæ уынаффæгæнæг. Йæ куыдз Силæм та у, зæххон куыйты мыгтаг кæмæй рацыд æмæ сырд кæуыл нæ тых кæны, ахæм.

Нарты Уырызмæг ирон зарджыты æмæ æмбисæндты дæр у фæзминаг хистæр æмæ зондамонæг, ис ахæм зарæджы ныхæстæ: "Махæн нæ хистæр Уырызмæг у, махæн нæ кæстæр Ацæмæз у", "Дæлæ быдыры гутонджынтæ. Нарты Уырызмæг — сæ гутондар". Æмбисæндтæ: "Нарты Уырызмæг зæгъ — æмæ цард цæуа, Сатана зæгъ — æмæ бæркад цæуа", "Сæ кувæг — Уырызмæг", "Нарты Уырызмæг æмæ Царциаты Суайау рæдау" æмæ æндæртæ. "Уырызмæг авд хатты базæронд æмæ авд хатты сног", — загъд ис кадджыты.

Кæрæй-кæронмæ Нартæн уыд сæ зондамонæг, сæ уынаффæгæнæг. Кадæг "Нарты сæфт"-ы Хуыцауимæ куы сбыцæу вæййынц, уæд дæр Уырызмæджы фæнд уыд: "Фыдвæдæй æвæд хуыздæр у. Цы дзы кæнæм æнусы цардæй? Нæ нæ хъæуы æнусы цард, фæлæ нын радтæд æнусы кад".

Нартæ Уырызмæджы ныхасыл уæлдай нал загътой.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Аивад

Равдыст байгом

Дзæуджыхъæуы Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы байгом сывæллæтты сфæлдыстады равдыст.

Экспозицийы архайынц Тауаситы Сослæнбеджы номыл сывæллæтты аивадон скъолайы ахуырдзауты куыстытæ: нывтæ, открыткæтæ, назбæласы хъазæнтæ, куклатæ æмæ æндæртæ. Нывкæнынады аивадыл сывæллæтты чи ахуыр кæны, Тауасийы-фырты номыл

скъола нымад у бæстæйы ахæм зæронддæр ахуыргæнæндæттæй иуыл. Скъола цы бон байгом кодтой, уыцы бонæй фæстæмæ дзы æвзонг нывгæнджыты бирæ фæлтæртæ ахуырад ацыдысты æмæ ныр 50 азы дæргъы æрвылаз саразынц мидисджын равдыст-конкурс "Нæ ногазон хъазæн".

Нæ уацхæссæг

Æрыдоны районæй

Фæндаджы сæрты бацæуæнтæ

Мичуриныхъæуы æмæ Фыййаджыбылы рухскæнынадимæ фæндаджы сæрты бацæуæнтæ нывылгонд æрцыдысты.

Бацæуæнтæ арæзт æрцыдысты ахуыргæнæндæтты рæзты цæуæг фæндæгты хæйттыл. Зæгъæм, Мичуриныхъæуы рæвдауæндонмæ цæуæг сывæллæттæн фæндаджы сæрты бацæуæн фæзынд, Фыййаджыбылы та фæндаджы сæрты бацæуæны фæрцы ахуырдзаутæн уыдзæн скъоламæ æдасæй бахизыны фадат. Ацы хабар фехъусын кодта районы администрацийы минæвар.

Фæндаджы сæрты ба-

цæуæнтæм æввахс арæзт æрцыдысты фæндагон нысантæ, кæнгæ къуыппытæ æмæ æмбондтæ. Амынд рæтты фæзындысты рухсдæттæг цырæгътæ, рæхджы дзы рухснысантæ дæр скусдзысты.

ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ

"Рæстдзинад"-ы иузæрдион хæлар

Уарзын æмæ кæсын

Адæймаг йæхи амонджын уæд хоны, йæ зæрдæ райгонд куы вæйиы йæ бинонтæй, йæ кæстæртæй. Уыцы адæмæн ис рæсугъд фидæн.

ЦОХЪТЫ Лизæ

Ирыстоны алы хъæуы дæр ис ахæм буц хистæртæ, се 'гъдау æмæ фарн бæрзонд кæмæн сты, фыдæлты æгъдæуттæн кад чи кæны, удыхъæдæй хъæздыг адæм. Уыдонæй иу у Лескены хъæуы цæрæг **Цохъты Лизæ**, газет "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсæг.

— 74 азы мыл цæуы, æмæ, мæхи куы хъуыды кæнын, уæдæй нырмæ уарзын æмæ кæсын "Рæстдзинад". Мæнæн мæ ныхасæмбал у, постхæссæджы æрбацыдмæ тынг фенхъæлмæ кæсын, — дзуры Лизæ. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, газет кусы адæмты иудзинад фидар кæныныл, æвзаджы рæзтыл, æгъдæуттæ бахъахъхъæныныл. Лизæ бирæ азты куыста цъындауафæн фабричы, стæй та завод "Бином"-ы филиалы.

Схъомыл кодта дыууæ læппуйы æмæ дыууæ чызджы, ныр та цин кæны уыдоны кæстæртыл.

— Нæ фыдæлтæ нын ныууагътой арфæйаг ном, рæсугъд æвзаг æмæ сæ мах та фæхæццæ кæнын хъæуы фидæны фæлтæртæм. Газет мæ къухмæ куы райсын, уæд дзы æхсызгонæй бакæсын æгъдæутты, фæзминаг бинонты, хæстон царды цауты тыххæй, нæ фыдæлты læгдзинады, уыимæ, аивады æмæ æндæр хабæртты тыххæй дæр. Цымыдисæй дзы цы вæйиы, уыдон бафснайын. Архайын, цæмæй нæ кæстæртæ дæр кæсой ирон газет.

— Мæ уарзон "Рæстдзинад", дæуæй йæхи æнæхай чи кæны, уымæн мæгуыр у йæ миддуне, — загъта Лизæ.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Цыбыр радзырдтæ

Бандон

Нафы куывд йæ тæккæ тæмæны бацыди, афтæ Саухал дæр фæзынди.

— Саухалæн — æмбæлæггаг! — Кудзи йын йæ къухы цайцымæн агуывзæ фæсагъта.

— Амонджын æмбæлджытæ уыл æмбæлæд! — Саухал арахъ аныста.

— Куывдтыл "оммен" дæр зæгъ! — авæрдтой та йæм дыккаг дæр.

— Гъеныр, æрбад æмæ æххæст рæгъ дæр бануаз!

— Æмæ ма мæ цæмæн бадын кæнут?! — Саухал фæцудыдта, фæлæ-ма бандоныл фæхæст, æмæ йæ йæ фæдыл ласгæйæ, дуары 'рдæм фæцæуы...

— Саухал, бандон та ма кæдæм хæссыс?

— Нæхи-и-имæ!.. — дзуры сæм Саухал, йе 'взаг йæ коммæ нал кæсгæйæ. — Кæд-ма ацы бандоны 'нцæйтты цæугæйæ, мæ хæдзармæ фæхæццæ уаин!

Куырд

Саухал дохтыр Мыкъуыры "Рæстдзинад"-ы дзырдбыдыл хъуыды кæнгæйæ баййæфта йæ кусæн уаты.

— Байрай, дохтыр!

— Æгас нæм цу, хорз læг. Цы дæ риссы? — йæ кърандас æрæвæрдта дохтыр.

— Нæ зонын... Рæстæггай мæ сæр разилы...

— Дæ уыргтæ никуы рыстысты?

— Никуы.

— Дæ уыргты, цыма, дуртæ ис, афтæ мæм кæсы.

— Цаварæ дуртæ?.. Агуыридуртæ?..

Мыкъуыр Саухалы бандоныл æрбадын кодта æмæ йын йæ уæраг дзæбугæй æркъуырдта.

— Уæ-æ-æу! — хæрдмæ фæхаудта læг.

— Куыд кæсын, хорз læг, афтæмæй дохтыртæм никуы уыдтæ, — бахудти Мыкъуыр.

— Æмæ ды цæй дохтыр дæ!

— Ха-ха-ха!.. Уæдæ чи дæн?..

— Куырд! — дзуры йæм Саухал. — Фæлæ не 'мбарын, куырдадз рынчындонæй цæмæн баивтай, уый!

СЛАНТЫ Руслан

Конкурс

Патриотон клуб "Райгуырæн бæстæ"-йы хъæппæрисæй

Æппæтадæмон классификацимæ гæсгæ ирон æвзаг "æнцон фæцæфгæнæн" (уязвимый) къордмæ хауы, фæлæ бындурондæр иртасæнтæ куы скæнæм, уæд фæхæстæгдæр, фесæфынæй тæссаг кæмæн у, уыдонмæ. Хъыгагæн, уый сусæггаг нал у.

Цæмæй рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзагмæ сæхи раздахой, уый тыххæй алы мадзæлттæ арæзт цæуы, рæвдауæндæттæй райдай æмæ суанг республикон æмвæзадыл. Нæ патриотон клуб "Райгуырæн бæстæ"-йы хъæппæрисæй цы мадзæлттæ арæзæм, уым хицæн бынат ахсынц аив бакæсыны конкурстæ. Æрæджы Дигорайы радон хатт нæ къухы бафтыд скъоладзауты 'хсæн ирон æвзагыл ахæм конкурс саразын, йæ темæ — "Фыдыбæстæ".

Фыццаг нæ зæрды уыдис архайджыты алы районтæй иугай скъолатæй, стæй Дзæуджыхъæуæй æрбахонын. Фæлæ бирæты бафæндыд конкурсы сæхи бафæлварын, æмæ "нæ" никæмæн загътам. Афтæмæй куырдиæттæ æрбалæвæрдтой республикæйы 44 ахуырадон уагдонæй 147 скъоладзауы. Кæй зæгъын æй хъæуы, архайджыты ахæм нымæц иу конкурсæн æгæр бирæ у. Куыд рабæрæг, афтæмæй æрмæст Дыгуры районы нæ, фæлæ республикæйы дæр уыйбæрц архайджытæ иу ахæм мадзал дæр никуы æрæмбырд кодта. Уый нын, иуæрдыгæй, тынг æхсызгон уыди, иннæрдыгæй та ныл стыр бæрнондзинад сæвæрдта.

Конкурсы уагæвæрдмæ гæсгæ номинацитæ уыдысты 4 (12) бынаты. Зын бамбарæн нæу, уый бæрц архайджытæн уыдон гыццыл кæй уыдысты, фæлæ ссардтам гæнæн, конкурсы уагæвæрд нæ фехалгæйæ. Уагæвæрды 11.5 пункты загъд уыдис: "Оргкомитетæн йæ бон у архайджыты нымæцмæ ивддзинæдтæ бахæссын, стæй призон бынæттæ нымæц фæфылдæр кæнын". Æмæ уыцы пункты бындурыл бауынаффæ кодтам къордты архайджыты нымæц фæфылдæр кæнын 11 бæрц (алы кълас дæр хицæнæй), уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджыты нымæц та — 50-йы бæрц, уыдонимæ гран-при дæр. Конкурсы жюри сæ куыст куы фесты, уæд сæ схорзæхджын кодтой дипломтæ, майдантæ æмæ ирон фысджытæ Зæнгионты Георги, Будайты Милуся æмæ Хъесаты Владимиры чингуытæй, призон бынæттæ чи нæ бацахста, уыдоны дæр нæ ферох кодтой — радтой сын дипломтæ, райдайæн кълæсты ахуырдзаутæн та ма — чингуытæ.

Кæронбæттæны иуæй-иу тæн Кады гæххæттытæ радтын, æмæ йæ фæндон æххæстгонд æрцыд.

Зæрдиаг арфæ кæнын, куыд конкурсы архайджытæн, афтæ ахуыргæнджытæ æмæ сабиты ныйиарджытæн, сæ сывæллæттæн мадæлон æвзаг кæй уарзын кæнынц, уый тыххæй. Нæ хæс у нæ æвæджиауы рæсугъд æвзаг бахъахъхъæнын æмæ йæ фидæны фæлтæртæм адæттын, нæ фыдæлтæ йæ махмæ куыд æрхæццæ кодтой, афтæмæй.

ХЪАРДАНТЫ Тимур, патриотон клуб "Райгуырæн бæстæ"-йы сæрдар, æхсæнадон уацхæссæг

Æмбырд

”Иры Стыр Ныхас”-ы вазыгджын уынаффæ

Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд ”Иры Стыр Ныхас” æрæмбырд кодта йæ Координацион совет. Змæлды совет бæлвырдæй æркастис æхсæнады риссагдæр фæрстытæм. Советы уæнгтæ базонгæ сты фидæны азы кусæн пъланы мидисимæ æмæ йæ сбæлвырд кодтой.

Координацион Советы æмбырды æвзæрст æмæ фидаргонд æрцыдысты ÆÆЗ ”Иры Стыр Ныхас”-ы сæрдары хæдивæг æмæ бæрнон нымæрдар.

Змæлды Советы уынаффæмæ гæсгæ, фидæны 2024 азы хуымгæнæны мæйы арæзт æрцæудзæнис ирон адæмы XI съезд. Сфидар кодтой съезд цæттæгæнæн организацион комитеты хыгъд дæр.

Уымæй уæлдай, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд ”Иры Стыр Ныхас”-ы Координацион советы сæрдар Уататы Зелим снысан кодта змæлды активæн ахадгæ куыст бакæнын РЦИ-йы районты дæр.

Советы куысты мидæг стыр æргом здæхт æрцыдис мадæлон æвзаджы райхалинаг фæрстытæм. Æмбырды архайджыты хъуыдымæ гæсгæ, хъæуы тынг бацархайын мадæлон æвзаг бахъахъхъæнын æмæ йæ дарддæры рæзтыл.

Уый тыххæй Координацион советы уæнгтæ бацæттæ кодтой сидт хистæртæ æмæ кæстæртæм, æппæт Ирыстоны цæрджытæм, æгас Уæрæсейы, стæй фæсарæнты цæрæг ирон адæммæ.

СИДТ

Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас" сиды хистæртæ æмæ кæстæртæм, æппæт Ирыстоны цæрджытæм, æгас Уæрæсейы Федерацийы, стæй фæсарæнты цæрæг ирон адæммæ — бахъахъхъæнæн нæ мадæлон æвзаг, нæ иумæйагдзинад.

Ирон адæмы Х съезды радон хатт загъд æрцыди ахæм хъуыды: "Ирон æвзаг æрмæст кæрæдзи æмбарыны фæрæз нæу, фæлæ ма йын ис арф монон-удварнон уидæгтæ, кæцытæ фидар æндахæй баст сты нæ истори æмæ культурæимæ".

Ныртæккæ активонæй ивд цæуы аланты истори, фæлæ ирон адæмы рагон историйы ивын ницы хъæуы, уымæн æмæ йæ сæйраг аргументыл банымайæн ис, фыдæлтæй сын цы æвзаг баззадис, уый.

Алантæ Европæйы зæхмæ ныхæццæ сты æртæ кæрдзынимæ нæ, фæлæ хъæбатыр хæстонтæй. Куыд зонæм, афтæмæй Европæйы бæстæты алантæ сæ фæстæ ныууагътой æртæсæдæ топонимæй фылдæр. Уыцы хъуыддаг ссис европæйаг æфсæддон аристократийы ратæдзæн.

Абон бирæтæм цы хъуыды ис, зæгъгæ, ирон æвзаг Ирыстоны арæнтæй дарддæр нал хъæуы, æмæ кæстæртæн дæр пайда нæ уыдзæн, ахæм хъуыдыимæ мах разы не стæм.

Ирыстонæй æндæр ранмæ ацæугæйæ, иннæ адæмыхæттыты 'хсæн не 'мзæххонты миддунейы ирон адæмы хъæздыг истори æмæ культурæ ирдæй фæзыны.

Уым мадæлон æвзаджы хорзæх ис?

Гуырысхойаг нæу — ис.

Дыккаг райхалинаг фарст та у — дæ истори æмæ культурæйæ иувæрсты цæуын.

Уыцы къахдзæф мах кæны сæрсæфæнмæ, уымæн æмæ нацийы сæфт райдайы æвзаджы сæфтæй.

Курæг уæ стæм, уыцы рæдыд фæндагыл ма слæуут æмæ уымæй уæ кæстæрты дæр бахъахъхъæнут!

Сæрмæ хæссут уæ мадæлон æвзагыл дзурын, кæд алы хатт уæ ныхасы хъæд бынтон аив нæ вæйыы, уæддæр. Уæ алы дзырд дæр у æвдадзы хос нæ мадæлон æвзагæн, ма фæцух кæнут уæхи дæр æмæ уæ кæстæрты дæр уыцы стыр læварæй — мадæлон æвзагыл дзурынæй.

Скæнут аккаг аргъ нæ адæмы истори æмæ культурæйæн.

Стыр ныфсимæ, уæ ном нымайгæйæ, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"

Хæлардзинады тæгтæ

Удварны æнусон хæзнатæ

Ахуырадон проект ”Фыдыбæстæйы патриоттæ”-йы фæлгæты ивгъуыд къуыри арæзт æрцыд видеоконференци ахæм темæйæ ”Læхи культурæ æмæ традицитæ”. Йæ нысан уыд Уæрæсейы адæмты культурон бынтæ парахат кæнын, ахуырдзауты уыцы фарстатыл раныхæстæ æмæ докладтыл фæцалх кæнын.

Архайдтой дзы Дагестаны горæт Каспийскы ахуырадон центры кадетты кълæстæ, Дзæуджыхъæуы гимназ "Диалог" æмæ Алагиры 2-æм скъолайы ахуырдзаутæ.

Ирон уазæгуарзондзинады фæдыл дзы цымыдисаг доклад скодта гимназ "Диалог"-ы кадетты 10-æм къласы ахуырдзау **Челæхсаты Альберт**. Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад æмæ культурæйы фæдыл уыд йæ цыбыр, фæлæ зæрдæмæхъаргæ раныхас Алагиры 2-æм скъолайы кадетты 11-æм къласы ахуырдзау **Барахъты Викториймæ.** Ацы скъолайы кадетты 10-æм къласы ахуырдзау **Бекъойты Аннæ** та видеоконференцийы архайджыты базонгæ кодта ирон чындзæхсæвы æгъдæуттимæ.

"Ирон фæндыр" у нæ фыдæлты ныфсдæттæг хъæлæс", — афтæ схуыдта йæ цымыдисаг раныхас гимназ "Диалог"-ы кадетты 11-æм къласы ахуырдзау **Гайттаты Элизæ**. Ирон адæмы культурон бынтæ ахуыр кæнынмæ иудадзыг дæр стыр æргом здахы гимназ "Диалог"-ы директор **Икъаты Бэлæ**, æмæ та ацы хатт дæр йæ ахуырдзаутæ равдыстой арфхъуыдыджын зонындзинæдтæ, сæ раныхæстæ уыдысты цымыдисаг.

Алагиры 2-æм скъолайы ахуырдзаутæ видеоконференцимæ сæхи тынг хорз кæй бацæттæ кодтой, уым, æнæмæнг, ис йæ директор **Фатимæ Сидоманидзейы** зæрдиаг æмæ удуæлдай архайд.

Ахуырдзауты куыстытæм се 'вæрæнтæ бахастой ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ дæр (Джыбылаты Иринæ æмæ ацы рæнхъыты автор).

Зæрдæмæхъаргæ, цымыдисаг рауад видеоконференци æмæ ацыд бæрзонд æмвæзадыл. Сабитæ сæ зæрдыл бадардзысты Райгуырæн бæстæйы культурæ æмæ традицитæ. Алы адæмыхаттæн дæр се 'гъдæуттæ, сæ цæсгом, удварн ирдæй кæм зынынц, уыдон сты æнусон хæзнатæ, æмæ арф бынат ссардзысты сабиты зæрдæты.

ХЪОЦЫТЫ Томарæ, Дзæуджыхъæуы гимназ "Диалог"-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг

Æрдз æмæ адæймаг

Æнæлазæй кусынц

Энергетикон кусæндæттæ æрæджы нæ республикæйы рауайæг тыхдымгæйы фæстиуджытæ æнтыстджынæй аиуварс кодтой.

Цæгат Ирыстоны электрон тыхуадзæн хызтæ, донисæн ифтонгæрзтæ æмæ тæвддæттæнтæ æнæлазæй кусынц. Адæмы æдас цыдæн фадæттæ чи аразы, уыцы фæндагон службæтæ æмæ зымæгон сæрмагонд техникæ дæр сæ куыст æнæкъуылымпыйæ æххæст кæнынц.

Фæндагон уæлцъары

уавæрмæ цæст даргæйæ, бахъуаджы заман фæндагон службæты кусджытæ фæндæгты уавæр фæнывыл кæнынæн уæлæмхасæн мадзæлттæ саразынц.

Нæ уацхæссæг

Æмбисæндтæ

Адæмимæ дæр зын у, æнæ адæм дæр – зын.

Адæм кæрæдзиуыл худгæйæ цæрынц.

Ды – хицау, æз – хицау: кусгæ та ма чи кæндзæн?

Раздзæуæг алы ран дæр хъæуы.

Разамонæг – хъуыддаджы сæйраг.

Цъиутæн дæр ма раздзæуæг вæйы.

Мыдыбындзытæн дæр ма æлдар ис.

Æнæлдар хъæуы рувас – æлдар.

Æгас адæмæн иу лæг фæтк нæу.

Дуне иу лæджы тыххæй конд нæу.

Адæмы 'фсарм бирæ у.

Æнæхицаубæстæ 'лдар у.

Райгуырæн бæстæ адджын у.

Фыдыбæстæ ныйырæг мадау – адджын.

Райгуырæн бæстæйæн йе 'взæр дæр адджын у.

Уызын дæр йæхи къудзийы бынмæ лыгъди.

Хи хуыккомы мыст дæр хъæбатыр у.

Алы сæтæлæг дæр йæхи цъассы лæзæры.

Æнахуыр бæсты æлдарæй дæр зын цæрæн у.

Искæй уæзæгыл мæ Хуыцау æхсин дæр ма скæнæд.

Фæхаттæ, фæхаттæ 'мæ та нæхимæ 'рхаудтæ.

Æнæ кусгæйæ цард нæй.

Арфæ
Тъехты Ладойы фырт Валентинæн йæ райгуырæн боны фæдыл



2024 азы 1 январы йæ райгуырæн бон у мæ зынаргъ адæймаг Тъехты Валентинæн. Хæдæфсарм, ирон фыдæбонгæнæг лæг, фыссæг, кæд царды бирæ фыдæбæттæ бавзæрста, уæддæр нæ фæтасыд лæгдзинадæй. Уыд Челябинскы срæмыгъды фæстиуджытæ аиуварс кæныны хабæртты, фæцис дзы æртæ азы дæргъы...

Йæ царды фæндаг кæд лæгъзытæй нæ уыд, уæддæр-иу цыфæнды зын уавæрты дæр агуырдта гæнæнтæ, цæмæй йæ къæхтыл фидар слæууа, уымæн. Хуыцауæй йæм фæцис фыссæджы курдиат, фыссы радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, рауагъта цалдæр чиныджы, уым бирæ рæтты ис йæхи фæлгонцтæй персонажтæ. Цыфæндыйæ дæр йæ алы чиныджы дæр æвдисы йæ мадæлон ирон æвзаг æмæ Фыдыуæзæгмæ æгæрон уарзт.

Валентинæн ис стыр зæрдæ, баххуыс кæны фæкæсинаг хиуæттæн, адæмæн, у куыстхъом, рæстзæрдæ, цæстуарзон. Уыцы миниуджытæ дзурынц йæ адæймагдзинад æмæ нæртон ирон фарныл. Уæдæ æрбахæццæ кæны Ног, 2024 аз! Йе 'рбакъахдзæф дæуæн у дывæр бæрæгбон, æмæ дыл бирæ азты æнæнизæй, дзæбæхæй цæуæд!

Лæгты дзуар дæ йæ базыры бын дарæд!

Ацы арфæтæ дын кæны СОХТЫ Зæринæ

Социалон фондæй

Куырдиæттæ исынц

Социалон фонд исын райдыдта иннæ аз иумæйаг пособийы æмгъуыд адаргъ кæныны фæдыл куырдиæттæ.

Иумæйаг пособи фидыны æмгъуыд декабры кæмæн ахицæн уыдзæн, ахæм бинонтæм ис Социалон фондмæ куырдиат ацы мæйы кæронмæ барвитыны бар (фæрæзтæ иннæ аз исын куыд райдайой, афтæ). Рагацау даргъгонд кæй æмгъуыд æрцæуа, ныйырджытæ уыцы фиддон æнæсцухæй исдзысты, æмæ сын уыдзæн фиддоны фæдыл бар æнæкъуылымпыйæ бавдисыны фадат (фиддоны фæдыл бар кæд бавдисинаг уа, уæд).

Фиддон фыццаг хатт куы сæвæрынц, уæд куыд бакæнынц, афтæ йе 'мгъуыдыл æфтауыны рæстæг дæр Социалон фонд бинонты æфтиаджы æмæ сæ исбоны бæрц сбæлвырд кæндзæн (бинонтæ социалон æххуысхъуаг сты æви нæ, уый рабæрæг кæнынæн). Фонд хъæугæ бæрæггæнæнтæ хæдбарæй кæй сбæлвырд кæндзæн, уый нымайгæйæ, бæрæггæнæнтæ бæлвырдгонд æрцыдысты æви нæ, пособиисджыты фылдæр хай уый нæ рахатдзæн.

Ацы мæй пособийы æмгъуыдыл бафтауын чи нæ баййафдзæн, ахæм ныйырджытæм уыдзæн куырдиат фæстæдæр барвитыны бар. Куырдиат растыл нымад кæд æрцæуа, уæд фиддон фидын райдайдзысты куырдиат барвитыны мæйæ фæстæмæ.

Адæймагмæ ис иумæйаг пособийæн гæххæттытæ саразыны фæдыл куырдиат портал "госуслуги"-йы, биторийы тыххæй, текстты дæр сын фыста йæхæдæг.

Йæ цард-цæрæнбонты уыдис æнæхин æмæ рæстзæрдæ адæймаг. Никуы никæмæн скодта зæрдæниз, никуы никæимæ фæхыл, нигæнæн уыдзæн.

Социалон фондæй æвзæрст æмæ фидаргонд æрцыдысты ÆÆЗ ”Иры Стыр Ныхас”-ы сæрдары хæдивæг æмæ бæрнон нымæрдар.

Змæлды Советы уынаффæмæ гæсгæ, фидæны 2024 азы хуымгæнæны мæйы арæзт æрцæудзæнис ирон адæмы XI съезд. Сфидар кодтой съезд цæттæгæнæн организацион комитеты хыгъд дæр.

Уымæй уæлдай, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд ”Иры Стыр Ныхас”-ы Координацион советы сæрдар Уататы Зелим снысан кодта змæлды активæн ахадгæ куыст бакæнын РЦИ-йы районты дæр.

Советы куысты мидæг стыр æргом здæхт æрцыдис мадæлон æвзаджы райхалинаг фæрстытæм. Æмбырды архайджыты хъуыдымæ гæсгæ, хъæуы тынг бацархайын мадæлон æвзаг бахъахъхъæнын æмæ йæ дарддæры рæзтыл.

Уый тыххæй Координацион советы уæнгтæ бацæттæ кодтой сидт хистæртæ æмæ кæстæртæм, æппæт Ирыстоны цæрджытæм, æгас Уæрæсейы, стæй фæсарæнты цæрæг ирон адæммæ.

Номарæн

Хуыцауы комулæфтæй куы фæхайджын уай...

Дзидаханты Аврамы фырт Таймураз æнæнхъæлæджы фæуагъта йæ уæлæуыл цард æмæ атындзыдта йе 'нусон бынатмæ. Нал фехъуыста йæ чызг Зæринæйы зæрдæриссæн марой, нал банкъардта йæ низæфхæрд уæнгты рыст...

Фæлæ адæймагæн йæ фæстæ баззайы йæ ном йæ хъæубæстæ, йæ мыггаг æмæ хиуæтты 'хсæн.

Таймураз райгуырд 1942 азы 20 мартъийы Къостайыхъæуы. Йæ фыд Аврам æбæрæгæй фесæфт хæсты цæхæры 1941 азы Керчы. Æнæ хæдзардарæгæй баззадысты йæ мад Катя æмæ хо Тамарæ. Рæстæг цыд, æмæ зæрдæргъæвд лæппу скъолайы фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд ЦИПУ-йы географион факультетмæ. Уыд хуыздæр студенттæй иу — йæ къам цыппар азы дæргъы ауыгъд уыд Кады фæйнæгыл. Уæды рæстæджы студенттæ алы фæззæг дæр цыдысты колхозтæн æххуыс кæнынмæ. Ам йæ факультеты студенттæн Таймураз уыд дæсны хæринаггæнæг, суанг ма-иу сын уæливыхтæ дæр ракодта. Сæрды каникулты практикон ахуыртæ кодта турбазæ "Зæрæмæджы". Йæ ахуыры фæстæ куыста хистæр инструкторæй ацы турбазæйы, фæстæдæр та — директорæй. Уыд турбюройы хайады сæргълæууæг дæр. Хистæр инструктор уæвгæйæ, Таймураз туристты зонгæ кодта Ирыстоны зæрдылдарæн бынæттимæ, кастис сын лекцитæ нæ адæмы культурæ æмæ историйы тыххæй, текстты дæр сын фыста йæхæдæг.

Йæ цард-цæрæнбонты уыдис æнæхин æмæ рæстзæрдæ адæймаг. Никуы никæмæн скодта зæрдæниз, никуы никæимæ фæхыл, нигæнæн уыдзæн.



куы никæй мæлæтмæ бабæллыд. Алкæддæр архайдта хылгæнæджы баиргъæвыныл, кæстæрты рæдыд фæндагыл ма ауадзыныл. Бинонтæн уыд фæзминаг фыд æмæ хæдзардарæг. Никуы дзы райхъуыст хъæр ныхас. Таймураз æдзухдæр уыд мидбылхудгæ. Йæ зæрдæ рыст дунеон æнæраст хъуыддæгтыл, рæстæджы ивæнтыл. Æнæ чиныг, æнæ газет ын йæ цард ад нæ кодта. Йæ уарзон газет "Рæстдзинад" йæ къухтæй никуы фæхицæн: æмбырд дзы кодта нæ истори, не 'гъдæуттимæ баст æрмæг. Алы бон дæр телефонæй ныхас кодта йæ мыггаджы кæстæртимæ, йæ зондæй сæ хайджын кодта. Уыдис хъæубæстæ æмæ мыггаджы хистæр. Йæ раныхæстæ-иу арф бахъардтой адæмы зæрдæтæм цин æмæ зианы дæр. Куы æррынчын, уæд сыхы ацæргæ сылгоймæгтæй иу бакатай кодта: "Уæдæ ныр Таймураз дæр фæрынчын...", ома мын мæ фæстаг фæндагыл чи раныхас кæндзæн.

Цы 'рцæуы, уымæн раздахæн нал вæйыы, фæлæ дын уæддæр, Таймураз, рынчындоны дæ чызг Зæринæ дæ цæф зæрдæ барухс кодта, чызджы хæс дын бафыста. Дæ бинойнаг дæм Æрыдоны рынчындонмæ цалдæр азы згъордта. Зæринæйы дыууæ гыццыл чызджы зæрдæтæ дыл фæрыстысты, сусæгæй сæ цæссыг калдтой, дада нын цæмæн фæрынчын, зæгъгæ. Цардаудæн сыл кæн. Фæстаг хатт ма дын дæ цæф къахмæ базылдысты Дзæуджыхъæуы тагъд æххуысы рынчындоны хирург Дзуццаты Вадим æмæ медицинон хотæ, сæ цæст дæм фæдардтой иннæ дохтыртæ дæр. Ууылдæр уæ бинонты хуртæй æфсæст ут.

Таймуразы йæ фæстаг балцы афæндараст кодтой Хынцæгты Федыр, Дзидаханты Таймураз, Фидараты Валери, хъæубæстæ, йæ мыггаг æмæ хиуæттæ. Уе 'ппæтыл дæр хæрзаудæн кæнæд.

Хъусын кæнæм, Дзидаханты Аврамы фырт Таймуразы дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн æртыццæджы, 2024 азы 3 январы, Братьев Темировых уынджы 9-æм хæдзары.

Бинонтæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Ремонт стиральных машин и холодильников. Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатима.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыхæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3128.
Заказ № 1493.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru